KOLERA
Dyare ki samble ak dlo diri

Dat: Oktob 2010 **(1:00)**

OBJEKTIF:

1. **Patisipan yo konpwann ke kolera se yon kalite dyare ki grav anpil epi yo wè l**
2. **Patisipan yo ka rekonet kisa nou bezwen fe nan ka epidemi kolera nan kominote**

REZIME POU FÒMATÈ YO Sa se yon leson nan seri dyare yo.

METÒD	TAN	KONESANS
Teyat: 2 manman ap pale: 1e manman – Ti bebe pa'm gen dyare tankou dlo dlo anpil. Poupou sanble dlo klè. Ki sa m' dwe fè ? 2e manman – M' pa konnen. Eske ou sonje koman pou pwepare solisyon sewom oral EASK yo te ensèye nou ? 1e – Wi, men dyare sitelman grav, li pap rete. Lap vomi tou 2e – Petet nou bezwen al mande EASK kisa nou dwe fè ?	10"	
WPIPA	5''	
I. Kisa Kolera ye? Mande tout moun. Ekri yon lis.		I. Definisyon Kolera • Li danjeré anpil • Mikwòb Kolera se koz li • Lè wap bwe oubyen manje yon bagay ki kontamine ak poupou moun ki gen jèm malad kolera li gaye. • Lè moun pwan swen moun malad epi yo pa pratike bon ijen, yap simaye mikwòb ak men yo. • Kolera gaye rapid TANKOU YON EPIDEMI
II. Kolera se yon kalite dyare ki diferean, Ki jan li diferan ?	10''	II. Kolera pa menm ak lòt kalite dyare. **Li diferan.** Poupou sòti ak fos lè dyare komanse epi li pèdi tout koulè li pa sanble poupou ankò, epi li pa santi mal

- Dyare sanble dlo diri
- Kantite dyare, anpil, anpil, yon lit pa è de tan. Kek fwa malad la ka bay vomi tou
- Mou ap vin dezydate byen vit paske li pèdi anpil dlo
- Pò a vin sech
- Kò a vin fret
- Anpil moun nan menm kote gen menm pwoblem. Se sa ki rele epidemi
- Maladi kolera ap dire 3 – 5 jou. Anpil moun ka mouri ak sa 20-80%, si yo pa trete ak sewom oral ou byen sewom nan ven.

III.	Ki tretman wap fè pou Kolera ?	10"	III. Tretman Kolera
	A. Diskite nan gran gwoup ki jan wap fè tretman.		• Fòse byen fòse bwe anpil sewom oral • Komanse ak sewom oral imediatman. Pa tann pou sentom dezydratasyon. • Bay anpil sewom oral (lit chak 15 minit nan premye è tan, apwe sa 3 a 4 lit pa jou si se granmoun) • Bay rapò maladi kolera nan zon pa ou • Mezire kantite poupou malad la pèdi nan bokit
	B. Mande patisipan yo ki jan pou fè sewom oral. Gade leson dezidratasyon.	5”	B. Sewom oral Si pa gen sachè tou pwepare se 3 boutey kola dlo pwòp ak 3 tikiyè sik ak 1 tikiyè disel ak yon priz bikabonat ak kek gout sitron, li dwe goute tankou làm dlo ki soti nan grenn je yo.
	Patisipan yo dwe fè domonstrasyon fè sewom oral.	10”	
	C. Ansèye patisipan yo ki jan pou konstwi yon kabann espesyalman pou moun ki gen kolera. Li genyen yon twou nan mitan kabann nan donk dyare kapab pase nan twou sa-a epi rive nan yon bokit ki anba kabann nan. Sèvi ak yon mòso plastik pou kouvri dra a epi fè kanal goutyè pou poupou dyare a ka tonbè nan bokit direk.	5”	

IV. Pwevansyon

Pwevansyon

A. MANJE : kwit manje byen, manje l pandan li toujou cho. Lavè men, vèso ak tout materyel kizin yo ak dlo, savon, rense ak klowòks.
B. DLO: bouyi oubyen tretè dlo ak SODIS, oubyen klowoks jif 3 gout yo pa lit ki egal 3 boutey kola ou 11 gout yo pa galon. Si pa gen mwayen pou konte gout yo, sèvi pwènt kouto, tranpe l nan klowòks likid la epi lap degoute pa gout yo. Si se klowòks an poud se 2 tikiyè plastik raze nan 1 lit dlo. Galon merite 7 tikiyè pou yon galon. Kenbe dlo tretè nan kote ki pwòp, toujou byen fèmen. Sèvi li pandan jounen an. Pa pran dlo a ak vèso, se vide pou videl.
C. LAVE MEN ak dlo AK SAVON oubyen sann difè. Lave men apwe ou sèvi latrin ou chanje kouchet timoun nan. Lave men anvan ou pwepare manje, anvan ou manje ak anvan ou bay tete. Lave men yo net, devan deyè ak anba zong yo.
D. SEVI LATRIN : Sevi latrin pou tout wate. Si ou pa gen, se pou fouye yon twou pou antere yo.
E. DEZENFEKSYON : tout rad ak dra yo dwe lave nan dlo bouyi ou sechè nan soley.

ATITID: Sewom oral se **pi bon** tretman pou dyare pase tout lò tretman.

ABILITE:

Patisipan kapab fè sewom oral epi konnen ki jan ou sèvi l. Li ka idantifye tout sentom moun nan gen lè li dwe ale lopital.

EVALYASYON: Chak patisipan dwe bay demonstrasyon fè sewom oral. Fomatè dwe fè vizit lakay ak EASK yo

MATERYEL: Papye jounal
Fet